



# Inpòtan Fasil ak An Sekirite

Se yon ekzijans pou Peyi Etazini fè yon kontaj nasyonal pou tout moun kap viv nan chak eta yo, chak dizan. (Konstitisyon U.S. Atik 1, Seksyon 2).

Resansman 2020 an ap afekte Maryland nan plizyè fason inpòtan. Resansman an:

- Ap detèmine reprezentasyon nan Kongrè e lap afekte distrik lejislatif lokal yo;
- Li se yon baz pou finanse pwogram kritik ak sevis yo; e
- Lap ede nan desizyon lokal yo pou devlopman ekonomik, konstriksyon lekòl ak projè transpòtasyon yo, osi byen ke sante publik, sekrite publik ak planifikasyon ijans.

**Chak Marylandè Konte!**

**Se pou ou Konte nan Resansman Deseni 2020 an.**

## Resansman an Inpòtan

Nap itilize done resansman pou detèmine nivo finansman federal pou pwogram yo, tankou, Asistans Nitrisyon Siplemantè, Pwogram pou Fanm yo, Pwogram Tibebe ak Timoun (SNAP/WIC), Medicaid, Pwogram Asirans Sante pou Timoun, ak Projè tranpòtasyon gran rout yo.

- Chak ane, gouvènman federal la repati plis ke **\$675 Milya dola** nan finansman ki baze sou done resansman an.
- Chak Marylandè ki pa konte ap koute eta a apwoksimativman plis ke **\$18,250 dola** enan yon period de dizan – kap bay yon total de **\$1 Milya dola** ke eta a ap pèdi (ki baze sou resesyon Resansman US).

**Konplete fòm resansman an ap asire ke fanmi Maryland yo, vwazen ak nan kominate yo ap resevwa sipò ke yap bezwen pou yo abite, travay, jwe e grandi.**





## Resansman an Fasil

Ou kapab ranpli fòm resansman nan twa fason – **pa lapòs, pa telefòn ak sou intènèt**.

Resansman 2020 ap **premye resansman sou intènèt** nan istwa U.S.

Reponn keksyon demografik yo nan resansman an ap ede nou asire ke kominotew la ap resevwa **finansmanl san patipri** e ke devlopman ekonomik ak desizyon planifikasyon yo ap byen reflete kominotew la nan premye Avril, 2020.

**Men kèk reyalite inpòtan pou ou sonje: Pa blyie:**

- Nou dwe konte elèv kolèj nan adrès kolèj yo, swa yo andedan oubyen an deyò kanpis la. Yo dwe konte yo nan adrès lakay yo sèlman si yo abite la e si yo dòmi la.
- • Yo dwe konte tout timoun **ki inkli menm sa yo ki gen mwens ke 5 an**.

## Resansman an Sekirite

Biwo Resansman U.S. la **dwe kenbe tout infòmasyon yo konfidansyèl**, ki inkli sitwayènte rezidan an, revnil ak lòt done pèsonèl sansib.

- Nap kolekte done yo pou rezon estatistik sèlman e **nou pap divilge/pibliye done pèsònèl yo**.
- • Tout komunikasyon resansman ap rete prive e pwoteje pa lalwa nan Tit 13 Kòd U.S. la avèk vyolasyon ki pini jiska senk ane nan prizon federal ak/oswa yon amann de \$250,000.00.

**Konsa, chwazi fason ke ou vle konte–pa lapòs, pa telefòn ou sou intènèt.**

**Sa se foto nou kap dire dizan, konsa annou mete tout moun nan foto a.**



**Census.Maryland.gov**

**Email: Census@Maryland.gov • Twitter: @MDCensus2020 • Phone: 410.767.4500**

**2020**  
CensusMaryland

Larry Hogan, Governor  
Boyd Rutherford, Lt. Governor  
Robert S. McCord, Secretary  
Sandy Schrader, Deputy Secretary

 **Maryland**  
DEPARTMENT OF PLANNING